



Pou Piblikasyon Imedya: 16/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KONSÈY KONTWÒL KANABIS LA APWOUVE PLIS PASE 100 LISANS AK PREMYE FENÈT LISANS KI PA KONDISYONÈL**

*Avèk 70 dispansè pou adilt yo, New York prèske triple kantite ki ouvri depi desanm avèk 25 lòt CAURD ki te resevwa dènye lisans yo epi ki pral ouvri nan semèn k ap vini yo*

*Konsèy Kontwòl Kanabis Eta New York la apwouve 109 lisans, ki gen ladan 38 nouvo lisans dispansè vant an detay ak premye 26 lisans mikwobiznis*

*New York depase 183 milyon dola nan lavant total kanabis pou adilt*

*Konsèy Kontwòl Kanabis la apwouve règleman kiltivasyon nan kay pou adilt yo, sa ki fè yo pase nan yon peryòd kòmantè piblik 60 jou, ak premye lisans rechèch sou kanabis yo*

*Konsèy Kontwòl la vote pou ouvri fenèt aplikasyon pou pèmèt plis aplikasyon pou transfòmè tip 3 epi pou pèmèt kiltivatè kondisyonèl ak transfòmè yo kontinye tranzisyon an pou lisans ki pa kondisyonèl*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Konsèy Kontwòl Kanabis (Cannabis Control Board, CCB) Eta New York la te vote pou apwouve premye lisans kanabis pou adilt ki pa kondisyonèl pou antreprenè ki te aplike pandan fenèt aplikasyon 2023 ki te louvri 4 oktòb la. An total, CCB te bay 109 lisans, 38 te ale pou aplikan ki t ap chèche ouvri yon dispansè vant an detay e 26 lòt te ale nan aplikan ki t ap chèche opere yon lisans mikwobiznis ki pèmèt yon lisansye grandi, trete, distribye ak vann tout sa yo anba yon sèl lisans.

"Kanabis pou adilt se yon endistri k ap grandi nan New York ki pral ede ekonomi lokal atravè eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Apwobasyon plis pase 100 lisans se yon bon kòmansman e li bay moun yo opòtinite pou yo aplike pou lisans pou ede estimile ekonomi lokal alantou yo."

Kounye a, New York gen ladan 70 revandè ki gen lisans kanabis pou adilt: yon melanj moun ki gen lisans CAURD (Dispansè Vant an Detay Kondisyonèl pou Adilt) avèk vitrin, moun ki gen lisans CAURD k ap bay sèvis livrezon, ak dispansè pou adilt ki chita

ansanm ak dispansè medikal ki egziste deja. Avèk leve yon enjonksyon ki sot pase an desanm, Eta New York te prèske triple kantite revandè kanabis ki te opere nan de dènye mwa yo.

OCM prevwa ouvèti omwen 25 lòt dispansè pou adilt nan semèn k ap vini yo, yon fwa operatè yo konplete etap final yo ki nesèsè pou kòmanse vann kanabis.

**Prezidan Konsèy Kontwòl Kanabis New York la, Tremaine Wright, te deklare,** "Nou prevwa yon kwasans eksponansyèl pou endistri kanabis New York la an 2024. Nan sis dènye semèn yo sèlman, nou te plis pase double kantite dispansè ki ouvè yo atravè eta a, epi nan kèk mwa k ap vini yo nou pral plis pase double kantite total lisans nou te bay nan de dènye ane yo. Mwen rete enspire pa antreprenè enkwayab sa yo atravè eta a k ap trase wout pou kanabis New York."

**Direktè Egzekitif Biwo Jesyon kanabis Eta New York la, Chris Alexander, te deklare,** "Kounye a, New York nan pwosesis pou l bay youn nan pi gwo kantite lisans kanabis pou adilt nenpòt Eta te bay nan yon sèl fenèt aplikasyon. Jodi a, nou te bay 109 lisans, nimewo sa a ap kontinye ogmante nan pwochen reyinyon yo. Pou chak aplikan ki anvi jwenn yon lisans, oswa ki enkyè yo pa pral chwazi yo nan faz sa a, mwen vle ankouraje yo gen pasyans. Nou ap konstwi mache sa a nan yon fason reflechi ak metodik, epi n ap travay pou evite pyèj nou te wè ki lakòz pwoblèm nan lòt mache yo ki te andomaje yon fason ki pa pwopòsyonèl pi piti operatè yo."

Aplikan yo te apwouve pou lisans pou vann an detay ak mikwobiznis jodi a se moun ki te soumèt aplikasyon yo anvan dat limit 17 novanm lan epi ki gen yon lokal espesifik anba kontwòl yo. Lisans adisyonèl pou moun ki te aplike nan dat limit 17 novanm lan, ak pou aplikan ki te aplike nan dat limit 18 desanm, yo pral bay sou yon baz kontinyèl nan reyinyon CCB nan kèk mwa k ap vini yo. Biwo a prevwa yon gwo kantite aplikasyon pral pare pou apwobasyon Konsèy Administrasyon an nan reyinyon CCB ki gen pou fèt apre yo. Klike [isit la](#) pou w aprann plis sou fenèt aplikasyon an ki te ouvri nan 4 oktòb.

### **Lisans pou Adilt nan Ekite Sosyal ak Ekonomik**

Aprè Biwo a te rekòmande Konsèy la 109 lisans pou bay adilt yo nan reyinyon Konsèy la jodi a, li te analize konpozisyon moun ki gen lisans sa yo. Biwo a kontan pou l rapòte yon etap enpòtan: de tyè (66 pousan) nan tout moun ki gen lisans sa yo se biznis ki fè pati ekite sosyal ak ekonomik (Social and Economic Equity, SEE). Yon tyè (35 pousan) se biznis fanm posede ak yon lòt tyè (32 pousan) se biznis minorite yo posede. 10 pousan se biznis fanm minorite posede. W ap jwenn repatisyon konplè a anba a.

New York te fèk triple to nasyonal yo estime pou moun ki gen lisans dispansè minorite ak fanm posede nan faz inogirasyon lisans eta a pou adilt itilize. Yon analiz konpozisyon moun ki gen lisans dispansè vant an detay pou adilt itilize jodi a endike yon total 88 pousan se biznis SEE. 60 pousan se biznis minorite posede, 50 pousan se biznis fanm posede ak 20 pousan se biznis fanm minorite yo posede. Premye nivo divèsite pwopriyete ki mennen nan endistri vant an detay New York la pral gen efè

pozitif pou ane k ap vini yo jan ti mak kanabis ki gen pwopriyete divès yo ap chèche espas sou etajè yo.

Tout lisans SEE Konsèy la te pibliye jodi a, eksepte sa yo ki te aplike kòm diplome Priyorite Sipleman tè oswa Fòmasyon ak Ankadreman Konfòmite a Kanabis, yo te sibi menm pwosesis owaza ak tout lòt aplikan yo epi yo pa t resevwa okenn pwa adisyonèl.

Pou pi devan, Biwo a antisipe wè pwopòsyon SEE ki sanble nan tout lisans ki pa pwovizwa yo te bay yo. Biwo a reyisi objektif Lwa sou Kanabis la pou 50 pousan lisans SEE atravè yon estrateji ki gen twa pati. Premyèman, Biwo a te fè entansyonèlman yon pwosesis aplikasyon ki te aksesib men senp, ki te pèmèt anpil moun ranpli li nan yon sèl apremidi. Dezyèmman, nou te jwenn sipò plis pase 60 òganizasyon kominotè, enstitisyon akademik, san bi likratif, ak kabinè avoka, ki te ede plis pase 800 kandida SEE. Twazyèmman, gwo efò sansibilizasyon ak edikatif te asire ke kominote yo te priyore anba Lwa sou Kanabis yo te byen enfòmè ak byen prepare pou opòtinite istorik sa a.

Efò sa yo, ansanm ak yon sistèm tiraj san patipri, te pwodui rezilta ki byen koresponn ak demografi aktyèl Eta New York la. Pifò rezidan eta a se fanm, minorite, oswa toude, epi yon gwo pati ladan yo ap viv nan kominote ki afekte yo nan yon fason ki pa pwopòsyonèl. Plan SEE, Biwo a te pibliye nan mwa me 2023, prevwa anpil nan travay sa a ak yon egzamen apwofondi sou baryè antre yo ak rekòmandasyon pou evite repwodui konsekans enprevi mache legal ki te vini anvan New York.

	Tout Lisans yo	Mikwobiznis	Vant an detay
<b>Ekite Sosyal ak Ekonomik Total ki Sètifye</b>	66%	60%	88%
<b>Biznis minorite posede</b>	32%	23%	60%
<b>Biznis fanm posede</b>	35%	23%	48%
<b>Biznis fanm minorite posede</b>	10%	5%	20%
<b>Priyorite sipleman tè</b>	7%	13%	8%
<b>CDI</b>	5%	7%	8%
<b>Veteran ki andikape nan sèvis</b>	7%	13%	5%

### **Fòmasyon sou Konfòmite a Kanabis ak Pwogram Ankadreman**

Sa gen dezan, Gouvènè Hochul te siyen Pwojè Lwa Sena S8084A, ki bay lisans kondisyonèl pou kiltivatè chanv New York yo pou kiltivasyon, transfòmasyon, ak distribisyon pwodwi kanabis pou adilt. Lè nou rekonèt nesesitye pou plis benefis, lejislasyon an te mande tou kreyasyon yon pwogram ankadreman ak fòmasyon pou divèsifye gwoup kiltivatè yo ak transfòmasyon k ap prepare pou patisipe nan mache legal New York la. Biwo a te kreye e te lanse pwogram Fòmasyon ak Ankadreman pou Konfòmite Kanabis (Cannabis Compliance Training & Mentorship, CCTM), ki baze sou pwogram aprantisaj kiltivatè ki egziste deja yo.

Jodi a, 15 diplome te resevwa premye lisans mikwobiznis pou adilt nan Eta New York. 11 ladan yo kalifye pou pwogram nan baze sou eksperyans yo ak kiltivasyon ak transfòmasyon kanabis. Yo te bay fèm fanm posede sis ladan yo epi kat te ale pou veteran ki andikape nan sèvis yo. Avèk antre yo nan mache a, New York atenn yon etap enpòtan istorik kòm premye eta nan peyi a ki aplike avèk siksè yon inisyativ lisans pou adilt "eritaj pou aktivite legal".

Avèk 40 dispansè pou adilt, New York prèske triple kantite dispansè ki louvri depi desanm avèk 25 lòt CUARD ki te resevwa dènye lisans yo epi ki pral ouvri nan semèn k ap vini yo.

29 minisipalite New York gen kounye a dispansè kanabis pou adilt. Ou ka jwenn lis konplè revandè ki gen lisans vann kanabis pou adilt itilize nan New York [isit la](#).

### **New York depase 183 milyon dola nan lavant total kanabis pou adilt**

Nan reyinyon jodi a, OCM te fè konnen te gen 183 milyon dola nan lavant depi premye mache kanabis pou adilt itilize nan New York la te ouvri. Mwa desanm nan se te yon gwo mak pou lavant an 2023, avèk plis pase 27 milyon dola nan lavant sa a, yon pwen kilminan nan ogmantasyon konstan mwa a mwa yo wè amezi plis magazen te louvri atravè Eta a. Nan total sa a, 174 milyon dola te fèt nan lavant nan magazen vant an detay, ak yon lòt 9.2 milyon dola te fèt nan lavant nan youn nan 60 evènman Vitrin Pwodiktè Kanabis yo nan New York.

### **Konsèy Kontwòl Kanabis la Apwouve Premye Lisans Rechèch sou Kanabis**

Konsèy Kontwòl Kanabis la te vote jodi a tou pou apwouve de premye lisans rechèch sou kanabis yo nan Eta New York. Yon Lisans Rechèch sou Kanabis pèmèt antite yo pwodui, trete, achte ak/oswa posede kanabis pou rezon rechèch limite.

**Direktè Adjwen Sante ak Rechèch nan Biwo Jesyon Kanabis Eta New York la, Nakesha Abel, te deklare,** "Li ekstrèmman eksitan pou nou wè Konsèy Kontwòl Kanabis la bay premye lisans sou rechèch sa yo, pou ede Eta New York dirije nasyon an nan rechèch ak syans sou kanabis. De lisans yo akòde jodi a tou pral jwenn ekip ki angaje nan rechèch sou fason pou amelyore kiltivasyon Kanabis epi ede kiltivatè nan New York ak atravè mond lan maksimize pwodiksyon kanabis yo. Nou kontan anpil pou nou wè sa rechèch sa a, ak lòt pwojè rechèch yo, pote kòm rezilta."

Lisans sa yo ede plis rechèch sou kanabis, yon domèn rechèch ki te limite anpil pa yon syèk entèdiksyon kanabis Ozetazini. Chèchè, syantifik, doktè, kiltivatè, ak lòt moun pral kounye a gen kapasite pou etidye ak kolekte prèv ki nesèsè yo pou pi byen konprann gwo potansyèl plant kanabis genyen ak mennen nan nouvo inovasyon solid. Yo pral pibliye aplikasyon yo sou yon baz kontinyèl. Klike [isit la](#) pou w aprann plis sou lisans rechèch la epi pou w jwenn aplikasyon pou lisans rechèch la.

**Konsèy Kontwòl Kanabis la apwouve règleman kiltivasyon nan kay pou adilt yo, sa ki fè yo pase nan yon peryòd kòmantè piblik 60 jou**

Pandan reyinyon jodi a, CCB te vote pou fè avanse règleman yo pwopoze pou kiltivasyon nan kay pou adilt nan yon peryòd kòmantè piblik 60 jou. Règleman sa yo kreye yon kad pou Nouyòkè yo kiltive pwòp plant kanabis lakay yo san danje pou itilizasyon pèsònèl yo.

Dapre règleman yo pwopoze sa yo, Nouyòkè ki gen plis pase 21 an pral gen otorizasyon pou:

- Kiltive yon maksimòm twa (3) plant kanabis ki mi ak twa (3) plant ki pa mi pou chak moun; oswa
- Kiltive pa plis pase sis (6) plant ki mi ak sis (6) plant ki pa mi pou chak rezidans prive;
- Posede jiska senk (5) liv flè kanabis ki te koupe nan plant ki te kiltive nan oswa sou teren rezidans prive moun sa a;
  - Oswa pwa ekivalan kanabis kiltive sa yo nan konsantre kanabis;
  - Oswa yon melanj flè kanabis ak pwa ekivalan kanabis kiltive sa yo nan konsantre kanabis;
- Pwosesis flè kanabis pou vin konsantre kanabis toutotan yo pa itilize yon likid oswa gaz, apa alkòl, ki gen yon pwèn flach anba 100 degre Fahrenheit epi yo pa itilize okenn mwayen ki reprezante yon risk rezonab pou domaj sou moun oswa pwopriyete.

Pou w aprann plis sou pwopozisyon sa a, klike [isit la](#) pou w ka wè yon apèsi OCM ki pataje nan mwa janvyè a.

### **Konsèy Kontwòl la vote pou ouvri fenèt aplikasyon pou pèmèt plis aplikasyon pwosesè tip 3 epi pou pèmèt kiltivatè kondisyonèl ak transfòmasyon yo fè tranzisyon an pou lisans ki pa kondisyonèl**

Jodi a, CCB te vote pou ouvri fenèt aplikasyon pou yon kèk gwoup aplikan. Lisans Transfòmasyon Tip 3 a, ki pèmèt kreye mak ak mak apati yon lòt fabrikasyon, se yon kalite lisans pou New York planifye pou bay yon kantite lisans san limit.

Anplis de sa, Eta a ap ouvri yon fenèt aplikasyon pou Kiltivatè Kondisyonèl pou Adilt yo ak Transfòmasyon Kondisyonèl pou Adilt yo ki an "an règ" ak Biwo a pou fè tranzisyon nan lisans pèmanan ki pa kondisyonèl. Operasyon sa yo, ki fè pati Inisyativ Opòtinite Semansman (Seeding Opportunity Initiative) Gouvènè Hochul te anonse an 2022, gen yon dat limit 30 jen 2024 pou fè tranzisyon nan yon kalite lisans ki pa pèmanan.

###

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)